


Mande yon transkripsyon deklarasyon taks Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) sou entènèt, pa lapòs, oswa pa telefòn.

Gen de fason pou jwenn transkripsyon deklarasyon taks ou nan men IRS. Ou ka kreye yon kont IRS ki mande yon foto idantifikasyon, oswa ou ka mande IRS voye yon kopi an papye ba ou. Nenpòt opsyon akseptab pou bay transkripsyon deklarasyon taks ke Otorite Asistans Elèv pou Edikasyon Siperyè New Jersey (Higher Education Student Assistance Authority, HESAA) mande pou verifikasyon kalifikasyon Eta ou. Tanpri gade anba a pou enstriksyon sou de metòd yo.

Nòt: Si ou chwazi Demann pa Lapòs, asire w ke ou kite ase tan pou IRS voye dokiman ou yo.

Mande yon Transkripsyon Deklarasyon Taks IRS sou entènèt



- Apre sa, klike sou [Create a new account](#) oswa konekte w ak yon kont ki deja egziste
- Yo pral mande w enskri pou w ka itilize sèvis sa a, klike sou "Continue"
- Rasanble enfòmasyon yo mande sou ekran an pou kòmanse pwosesis enskripsyon an, klike sou "Continue"
- Pandan enskripsyon an yo pral voye yon kòd konfimasyon nan imel ou ak nimewo selilè ou pou konplete enskripsyon ou
- Sou ekran "Get Transcript" (Jwenn Relve a) la anba "Select a reason you need a transcript" (Chwazi yon rezon ou bezwen yon relve) chwazi "Higher Education/Student Aid"
- Chwazi ane taks ki apwopriye a anba "Return Transcript" (Relve Deklarasyon Taks) epi klike sou "Continue" (Kontinye)

! Konsèy Enpòtan

Sonje kenbe yon kopi RELVE DEKLARASYON taks ou a pou dosye w anvan ou soumèt li.

Lè w ap mande Transkripsyon Deklarasyon Taks Federal IRS la, tanpri sonje se RELVE DEKLARASYON taks la, PA RELVE KONT TAKS LA, RELVE KONT LA, OSWA RELVE SALÈ AK REVNI AN.

Transkripsyon deklarasyon taks	Transkripsyon dosye kont	Transkripsyon kont	Transkripsyon salè ak revni
2024 ★	Pa aplikab	2024	2024
2023	X	2023	2023
2022	X	2022	2022
2021	X	2021	2021

Mande yon Transkripsyon Deklarasyon Taks IRS pa lapòs sou entènèt

Swiv etap YON ak DE ki anwo a. Etap TWA klike sou "Get Transcript by Mail"

Chwazi "Return Transcript" (Transkripsyon Deklarasyon) epi "Tax Year" Ed finansye a mande transkripsyon deklarasyon taks 2024 ou pou detèmine si w kalifye pou ane akademik 2026-27 la.

Tanpri pèmèt 5-10 jou pou resevwa transkripsyon ou

Mande yon Transkripsyon Deklarasyon Taks IRS pa telefòn

Rele IRS nan 1-800-908-9946 epi swiv enstriksyon meni yo.